



Depistaj pou COVID-19

FloridaHealth.gov/COVID-19 • Depatman Sante Florid

1

Èske ou santi sentòm?

Sentòm yo ka parèt 2 a 14 jou apre ou te ekspoze nan viris la.

Sentòm ki pi kouran yo pou COVID-19 se tous ak souf kout.

Lòt sentòm yo gen ladan lafyèv oswa frison, difikilte pou respire, fatig, doulè nan misk oswa doulè nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa pran sant, malgòj, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplèn oswa vomisman, epi dyare.



2

Èske ou te tounen sot nan vwayaj aletranje oswa nan kwazyè nan 14 jou ki sot pase yo epi ou gen nenpòt nan sentòm yo ki anwo a?



3

Èske ou te ozalantou yon moun ki gen dyagnostik COVID-19?



Si ou reponn "wi" pou nenpòt nan kesyon yo ki anwo a, rele founisè swen sante ou oswa depatman sante konte ou (County Health Department, CHD); pou fè sa, eskane kòd la pou jwenn zouti pou chèche CHD zòn lan. Oswa rele nan 1-866-779-6121.



Konsèy

- Siveye tèt ou oumenm pou lafyèv, tous oswa lòt sentòm respiratwa pandan 14 jou.
- Evite kontak avèk moun ki malad.
- Retade nenpòt plan vwayaj anplis jiskaske ou pa malad ankò.

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks oubyen manch rad ou lè ou ap touse oswa etènye. Jete klinèks la nan fatra.
- Mete mas nan figi w epi pratike distans sosyal omwen 6 pye lè ou an publik.